



Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI APLIKASYON POU PWOGRAM BOUSDETID CAREY GABAY 2023 A

*Y ap chwazi senk etidya antran egzaplè pou yo resevwa bous SUNY konplè yo*

*Yo ankouraje moun ki entèrese yo pou yo aplike [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ap aksepte kounye a aplikasyon pou Bousdetid Memoryal Carey Gabay 2023 a. Carey Gabay, yon avoka ak fonksyonè piblik ki te travay anvan nan Biwo Konsèy Gouvènè a, te yon viktim inosan vyolans ak zam ke yo te touye trajikman an 2015; bousdetid sa a onore eritaj li.

"Bousdetid Carey Gabay a selebre etidyan ki se lidè nan kominote yo epi k ap travay pou fè New York vin yon pi bon kote pou viv, travay ak jwe", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Carey Gabay, yon pwodwi lekòl piblik Bronx ak yon fonksyonè piblik devwe, te reprezante rèv New York la an aksyon epi mwen fyè dèske bousdetid kontinyèl sa a onore memwa li."

Kounye a nan uityèm ane li a, pwogram sa a bay senk etidya antran nan SUNY bousdetid konplè, ki montre angajman Gabay pou jistis sosyal, lidèchip, ak konsèy, ansanm ak istwa pèsonèl li sou siksè akademik ak simonte defi yon orijin ki ekonomikman defavorize.

**Aplikasyon yo disponib [isit la](#) epi yo dwe fèt anvan 22 septanm.**

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare**, "Carey Gabay te rekonèt ke se pa tout moun ki gen aksè ekitab ak resous ki nesèsè pou reyalize objektif pa yo. Carey te fè fas ak gwo obstak sou pwòp chemen li, men li te detèmine pou l reyisi kanmenm, epi li te fè sa a. Pandan tout bèl karyè li nan fonksyon piblik la, li te fè efò pou l ede lòt moun kraze baryè jan li te fè sa a. Carey se te yon enspirasyon pou moun pami nou ki te konnen li, epi se yon onè pou komemore eritaj li a ak bousdetid sa a."

**Fondatè Fondasyon Carey Gabay la, Trenelle Gabay, te deklare**, "Si Carey te toujou avèk nou, mwen konnen kòman li ta apresye pwogram sa a ansanm ak travay li pou kraze baryè pou jèn ki defavorize yo. Pandan ke yo te retire lavi Carey nan yon zak

vyolans ak zam san sans, eritaj li ak angajman li nan fonsyon piblik la ap pousuiv atravè bousdetid sa a. Mèsi Gouvènè Hochul paske ou kontinye onore lavi ak travay Carey."

Gabay te grandi nan lojman piblik epi li te ale nan lekòl piblik nan Bronx. Apre yon karyè siksè nan lekòl segondè, li gradye nan Harvard University ak Harvard Law School. Li te angaje li nan fonsyon piblik ak bay an retou moun ki bò kote li, epi pandan li nan Harvard University, li te nan kous pou li vin prezidan nan kò etidyan li an. Gabay te travay san pran souf nan fonksyon piblik la, li te kòmanse an 2011 kòm asistan konsèy ansyen gouvènè a epi kontinye kòm premye konseye adjwen pou Empire State Development Corporation lan.

Pwogram Bousdetid Komemoratif Carey Gabay la pral yon lòt fwa ankò bay bousdetid konplè ak senk etidyan pou pase kat ane nan inivèsite SUNY yo apati ane lekòl 2023-24. Bous detid sa yo ap kouvri tout depans pou prezans, sa gen ladan frè eskolè, lojman ak manje, frè kolèj, liv ak founiti, ak transpò ak depans pèsonèl. Benefisyè bousdetid yo pral patisipe tou nan yon pwogram oryantasyon.

### **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York, ki selebre 75èm anivèsè li ane sa a, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan peyi Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè ap viv nan yon distans 48 km ak nenpòt nan 64 kolèj ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418